

K. Èske sèvis New Jersey Children's System of Care(CSOC)/PerformCare bay yo koute yon bagay?

Ou pa p gen anyen pou peye si w rele PerformCare. PerformCare se administratè sistèm ki gen yon kontra avèk New Jersey Children's System of Care (CSOC). Nou ede fanmi yo pa mwayen rekòmandasyon epi nou fè yo jwenn sèvis k ap pi adapte ak bezwen jèn yo. Nou pral mande w bay enfòmasyon sou asirans ou nan kad pwosesis sa a.

K. Ki kalite sèvis mwen kapab jwenn atravè CSOC/PerformCare?

Nou ka evalye pitit ou pou detèmine bezwen l yo. Li gendwa apwouve pou l resevwa sèvis nan men yon òganizasyon jesyon swen (Care Management Organization, CMO) epi/oswa pou l resevwa sèvis repons ak estabilizasyon mobil (Mobile Response and Stabilization Services, MRSS), oswa pou l jwenn akès nan diferan pwogram tretman. Nou pran an konsiderasyon bezwen pitit ou ak kalite sèvis ki bon pou li a. Nou pran yon desizyon apre yon klinisyon fin pale ak fanmi an nan telefòn oswa apre nou fè yon evalyasyon an pèsòn ak jèn nan.

K. Èske sèvis PerformCare rekòmande epi otorize yo se sèvis ki gratis?

Sèvis PerformCare rekòmande epi otorize yo peye atravè diferan sous. Kèk ladan yo se lajan piblik (Medicaid/NJ FamilyCare), asirans komèsyal oswa lajan pasyan an peye. Byenke ou gendwa pa jwenn yon fakti pou kèk kalite sèvis, sèvis sa yo pa gratis. Nou pral mande w bay enfòmasyon sou asirans ou lè ou kontakte nou. Si yo refere w pou w jwenn sèvis atravè PerformCare epi ou pa gentan kalifye pou Medicaid/NJ FamilyCare nan moman sa a, w ap gen pou ranpli yon aplikasyon pou Medicaid/NJ FamilyCare.

K. Mwen pa gen asirans ni Medicaid/NJ FamilyCare. Kijan mwen ka aplike?

Ou kapab ale sou www.NJHelps.gov pou jwenn plis enfòmasyon, kontante ajans sèvis sosyal lokal ou a pou jwenn yon aplikasyon pou Medicaid/NJ FamilyCare, oswa ranpli yon aplikasyon sou sitwèb <https://njfamilycare.dhs.state.nj.us/>.

Si pitit ou gen yon CMO oswa MRSS ki asiyen pou li, ou kapab ranpli aplikasyon pou Medicaid/NJ FamilyCare a lè ou rankontre òganizasyon sa yo. Anplwaye CMO/MRSS la ap gen aplikasyon an avè l epi l ap kapab ede w ranpli li.

K. Poukisa y ap mande m bay enfòmasyon sou asirans mwen?

Nou mande enfòmasyon sou asirans ou pou konnen ki benefis sante ou ka jwenn epi pou jwenn kòn pou pi bon sèvis pitit ou bezwen.

Nou kenbe enfòmasyon ki gen rapò ak asirans ou nan dosye pitit ou a. Moun ki bay sèvis yo itilize enfòmasyon sa yo pou konnen kiyès k ap peye pou sèvis yo e pou konnen ki tretman yo ka bay. Nou vrèman ankouraje w itilize nenpòt asirans sante komèsyal ou genyen. Anjeneral, plan sa yo bay plis chwa tretman nan domèn sante konpòtmantal.

K. Kisan nou pral fè ak enfòmasyon nou jwenn sou asirans mwen?

Nou kenbe yo nan dosye elektwonik pitit ou a epi nou itilize yo pou konnen ki kouvèti asirans sante ak ki resous ou ka jwenn. Epitou, nou bay Medicaid/NJ FamilyCare enfòmasyon ou ban nou sou asirans ou. Yo itilize enfòmasyon sa yo pou kowòdone benefis yo si pitit ou gen Medicaid/NJ FamilyCare oswa si l vin kalifye.

K. Kisa kowòdinasyon benefis vle di?

Kowòdinasyon benefis se yon sistèm nou itilize pou detèmine kiyès ki pral peye pou chak sèvis. Gen kèk sèvis se sitou konpayi asirans komèsyal ou a ki kouvri yo. Gen lòt se Medicaid/NJ FamilyCare oswa yon lòt pwogram finansman piblik ki kouvri yo, depi ou kalifye pou sa. Règleman NJ yo mande pou n voye yon fakti bay asirans komèsyal ou a dabò si pitit ou kouvri ni atravè Medicaid/NJ FamilyCare ni atravè yon asirans komèsyal.

K. Èske mwen ka toujou resevwa sèvis si m pa bay enfòmasyon sou asirans mwen?

Nou ka refere w pou w jwenn sèvis, men nou bezwen enfòmasyon sou asirans ou si se yon pwogram finansman piblik ki ba w sèvis. Si pitit ou a pa gen kouvèti asirans Medicaid/NJ FamilyCare a, w ap gen pou aplike pou Medicaid/NJ FamilyCare ak/oswa lòt benefis nan Eta a pou jwenn sèvis. Lè w ap ranpli aplikasyon sa yo, w ap gen pou bay enfòmasyon sou revni w ak asirans ou. Si nou refere w pou sèvis CMO oswa MRSS, òganizasyon sa yo ap ede w ranpli aplikasyon yo. Si w pran anpil tan pou ranpli yo, ou ka pa jwenn aksè nan sèvis ki disponib atravè CSOC yo rapid.

K. Poukisa mwen dwe ranpli yon aplikasyon pou Medicaid/NJ FamilyCare alòske mwen gen yon asirans komèsyal?

Fanmi w gendwa kalifye pou Medicaid/NJ FamilyCare antanke asirans segondè. Pitit ou ka gen posiblite jwenn yon finansman piblik k ap ede l peye pou sèvis swen sante CSOC yo pou li ajoute l sou benefis asirans komèsyal ou yo.

K. Poukisa mwen dwe aplike pou Medicaid/NJ FamilyCare pou jwenn sèvis CSOC?

Medicaid/NJ FamilyCare peye pou pifò sèvis CSOC ki pa konn kouvri nan asirans komèsyal yo. Si w kalifye pou Medicaid/NJ FamilyCare, ou ka gen posiblite jwenn yon kouvèti asirans pou sèvis sa yo. Si fanmi w pa kalifye pou Medicaid/NJ FamilyCare, pitit ou a gendwa kalifye pou lòt finansman piblik pou kouvri sa kèk sèvis sante konpòtmantal yo koute.

K. Èske konpayi asirans mwen an pral resevwa yon fakti?

PerformCare pa voye fakti pou sèvis ou jwenn lè nou refere w. Kèk òganizasyon ki bay sèvis kote nou refere w gendwa voye yon fakti bay konpayi asirans ou si sèvis la kouvri. Epitou, yo gendwa mande konpayi asirans ou pou l ranbouse yo nan kad kowòdinasyon benefis yo.

K. Èske PerformCare aksepte asirans komèsyal yo?

PerformCare se yon resous ki la pou bay fanmi yo enfòmasyon e pou refere yo. Nou responsab pou otorize sèvis ki kouvri nan Medicaid/NJ FamilyCare ak nan lòt pwogram finansman piblik. Nou pa bay okenn sèvis ki ka faktire. Òganizasyon ki bay sèvis yo gendwa voye yon fakti bay konpayi asirans ou si sèvis yo kouvri nan plan benefis sante w.

K. Kijan m ap jwenn yon pwofesyonèl sikoterapi pou pasyan ki pa entène lè m gen yon asirans komèsyal?

Rele nimewo telefòn ki nan do kat asirans ou an pou jwenn yon pwofesyonèl sante e pou konnen ki sèvis sante konpòtmantal ki kouvri.

K. Kijan m ap jwenn sèvis sikoterapi/konsèy pou pasyan ki pa entène pou pitit mwen si m pa gen okenn asirans komèsyal epi mwen pa kalifye pou Medicaid/NJ FamilyCare?

Genyen anpil sant sante mantal kominotè ki bay sèvis pou yon pri ki depann de sa ou ka peye.